QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QORAQALPOG'ISTON
RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

2021-j. «30» июнь № 01-02/05-3123 «___»______________ 2021 y.

**Барлық районлық, қалалық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына ҳәм де Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына**

Өзбекстан Республикасы Ден саўлықты сақлаў министрлигиниң 2021-жыл 15-февраль күнги "Коронавирус инфекциясына қарсы ғалаба шаншыў иләжларына таярлық көриў ҳәм өткериў ҳаққында"ғы буйрығына тийкарланып, усы жылдың 26-апрель сәнесинен баслап биринши нәўбетте шаншылыўы тийис болған халықты, соның ишинде Халық билимлендириў министрлигине қараслы мәкемелерде ислеўши оқытыўшыларды коронавирус кеселлигине қарсы профилактикалық шаншыў иләжлары өткерилмекте.

Өтекрилип атырған профилактикалық шаншыў жумысларын 2021-жыл усы күнге анализлегенимизде Халық билимлендириў министрлигине қараслы мәкемелерде ислеўши жәми 48161 хызметкерлерден 19606 оқытыўшы ғана 40,7% профилактикалық шаншылған.

Айрым район(қала)лық халық билимлендириў бөлими басшылары коронавирус инфекциясына қарсы профилактикалық шаншыў иләжларын шөлкемлестириўде белсене қатнаспай атырғанлығы себебинен, Нөкис қаласында 23,2%, Мойнақ районында 32,6%, Шымбай районында 35,2%, Елликқала районында 36,4%, Амиўдәря районында 39,3%, Тахыятас районында 39,8% республикалық көрсеткиштен төмен орында болмақта.

Бул жағдай өз гезегинде республикамыз аймағында коронавирус пандемиясын жылаўлаў мақсетинде мәмлекетимиз тәрепинен алып барылып атырған сиясатына қайшы келмекте.

Жоқарыдағыларды есапқа алып Сизден, коронавирус инфекциясының алдын алыў ушын әмелге асырылып атырған шаншыў жумысларын жеделлестириў мақсетинде, бөлимиңизге қараслы мәкемелерде ислеўши оқытыўшылардың усы шаншыў илажларына қатнасыўын шөлкемлестириўиңизди ҳәмде күнделикли қадағалаўға алыўыңызды сорайман.

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаған: С.Ҳабипов
Тел: (61) 222-24-62

Xalq ta'limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo'lishingiz mumkin

www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz